

Dènnye Nouvèl sou Plent Ramos Kont Nielsen nan

Enpak Lòd Tribinal *Ramos kont Nielsen* lan pou Kanpe TPS la Tanporèman

Nan lòd 3 oktòb 2018 li a, Tribinal Distri Etazini pou Distri Nò California a te entèdi Depatman Sekirite Nasyon (Department of Homeland Security, DHS) pou li pa mete an plas oswa enpoze detèminasyon pou kanpe Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò pandan dosye a ap kontinye nan sistèm jiridik la. Nan ka sa, DHS p ap ka kanpe TPS pou peyi sa yo toutotan lòd la rete anvigè. Lòd la egzije tou pou DHS kontinye valide dokiman ki montre papye legal yo ak otorizasyon travay pou moun ki afekte yo, benefisyè TPS kalifye ki soti nan peyi sa yo. Nan dat 31 oktòb 2018, DHS te pibliye yon Avi Rejis Federal (Federal Register Notice, FRN), [ki Deziyen Kontinyasyon Dokimantasyon pou Benefisyè Estati Pwoteksyon Tanporè pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò](#) (83 FR 54764). Nan jou ki te 1^{ye} mas 2019, DHS te pibliye yon dezyèm [FRN](#), (FR 2019-03783).

Benefisyè selon deziyasyon TPS pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò yo pral kenbe TPS yo pandan enjonksyon preliminè a rete an vigè, depi TPS yon moun pa anile selon seksyon 244 INA (c)(3) oswa 8 CFR 244.14 paske li menm li vin pa kalifye.

Estati ou pou Kounye a

Kounye a enjonksyon preliminè a an vigè. Akoz enjonksyon preliminè 3 oktòb 2018 la, TPS ke yo nonmen pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò yo rete an vigè aktyèlman.

Pou konfòme li avèk enjonksyon tribinal la, nan dat 1^{ye} mas 2019, DHS te pibliye yon dezyèm FRN ki otomatikman pwolonje jiska 2 janvyè 2020, dokiman sa yo ki dekri nan avi a: Dokiman Otorizasyon pou Travay (Employment Authorization Documents, EADs); Fòm I-797, Avi Aksyon (Avi Apwobasyon); ak Fòm I-94, Dosye Arive / Depa, (ansanm ak, "Dokiman ki gen rapò ak TPS") pou benefisyè TPS ki kalifye, epi ki afekte ki soti Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò.

Gouvènman an te depoze apèl li kont lòd enjonksyon preliminè a bay Tribinal Apèl Etazini pou Nevyèm Sikwi a. Men, benefisyè TPS yo ap kenbe estati yo, pandan pwosesis kontestasyon an depi yo kontinye satisfè tout kondisyon endividyèl pou kalifikasyon pou TPS ki nan seksyon 244(c) ak 8 CFR 244, ansanm ak enstriksyon pou [Fòm Aplikasyon I-821 pou Estati Pwoteksyon Tanporè](#). Kondisyon sa yo, ki gen ladan dènve egzijans pou re-enskri nan TPS pou benefisyè selon deziyasyon chak peyi, disponib sou [pajwèb TPS](#) USCIS la tou epi yo anba pajwèb TPS pou chak grenn peyi. Pou kesyon sou vwayaj pou benefisyè TPS yo, tanpri al gade nan [Paj Vwayaj TPS la](#).

Si yo Anile li

Si tribinal la ranplase enjonksyon preliminè a epi desizyon sa a vin final, fen TPS pou kat (4) peyi sa yo, ap vin an vigè, sòf si lòd final tribinal final la mete lòt limit sou sispansyon yo. Si youn oswa plis nan desizyon sispansyon yo ka antre an vigè, DHS pral otorize yon peryòd tranzisyon ki fè ak lòt pou omwen 120 jou apre desizyon final pou retire enjonksyon konsènan peyi TPS la afekte a oswa afekte yo avan yo mete an plas ak enpoze desizyon pou sispann TPS la.

Pou rezon legal, peryòd 120 jou a pa pral kòmanse otomatikman si gen yon desizyon ki anile lòd preliminè a. USCIS ap enfòme benefisyè TPS yo lè peryòd tranzisyon 120 jou a ap kòmanse. Pandan peryòd tranzisyon an, benefisyè TPS nan moman an ki pa gen yon lòt estati imigrasyon legal oswa otorizasyon pou rete nan peyi Etazini yo ap dwe kite Etazini, oswa yo ka depòte yo.

Fason pou Demontre Estati Pwoteksyon Tanporè

Lè yo bay prèv TPS ki valid, benefisyè ki kalifye pou TPS yo nonmen pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò fòk yo ka montre dènve dokiman ki gen pou wè ak TPS yo te bay yo ki montre dat l ap ekspire a ki se 2 avril 2019. Si yo pa posede okenn nan dokiman sa yo, yo ka montre dokiman ki gen rapò ak TPS yo, ki te presize nan [FRN](#) ki dat 1^{ye} mas 2019 kote yo te pwolonje li otomatikman jiska 2 janvyè 2020, *ansanm ak FRN sa a*.

DHS pwolonje otomatikman jiska 2 janvyè 2020, peryòd validite Fòm I-94 ak Fòm I-797 sa yo, Avi Aksyon (Avi Apwobasyon), ki te bay benefisyè ki kalifye yo TPS ke yo nonmen pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti ak Èl Salvadò a. Ekstansyon otomatik sa yo pa gen anyen pou wè ak kondisyon ke moun peyi kalifye pou TPS yo te ranpli lè yo t'ap re-anrejistre dènve fwa a pou

TPS lan. Ekstansyon otomatik lan kouvri sèlman tout moun ki kalifye yo ke pyès yo gen dat valab ki nan lis pi ba a.

Peyi	Dat validite a kòmanse:	Dat Validite a Fini:
Soudan	3 me 2016	2 novanm 2017
	3 novanm 2017	2 novanm 2018
Nikaragwa	6 jiyè 2016	5 janvyè 2018
	6 janvyè 2018	5 janvyè 2019
Ayiti	23 janvyè 2016	22 jiyè 2017
	23 jiyè 2017	22 janvyè 2018
	23 janvyè 2018	22 jiyè 2019
Èl Salvadò	10 septanm 2016	9 mas 2018
	10 mas 2018	9 septanm 2019

Jan li mansyone nan [FRN 1^{ye} mas 2019](#) la, si enjonksyon preliminè *Ramos* la rete an vigè aprè 2 janvyè 2020, DHS pral pibliye yon lòt avi pa pita pase 2 desanm 2019, ki pral swa pwolonje otomatikman pou nèf (9) lòt mwa dokiman ki gen rapò ak TPS pou benefisyè ki kalifye pou TPS ki soti Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò yo, oswa bay pwosedi ki apwopriye pou jwenn nouvo dokiman TPS pou tout benefisyè ki kalifye pou TPS yo nonmen pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti ak Èl Salvadò. DHS ap kontinye pibliye kalite avi konsa chak nèf (9) mwa, si sa nesèsè.

Vrè Dat Fen an

Benefisyè TPS yo pou TPS ke yo nonmen pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò yo ap toujou gen TPS Ozetazini ki ap valab toutotan enjonksyon preliminè *Ramos* lan la, oswa nenpòt lòt lòd tribinal lan pase, ki entèdi DHS pou li pa mete an plas oswa enpoze desizyon pou koupe TPS yo, depi chak benefisyè TPS ke yo nonmen yo toujou rete kalifye pou TPS. Gen kèk benefisyè TPS ki ka genyen lòt estati imigrasyon valab oswa otorizasyon pou rete nan peyi Etazini ki ka kontinye lè TPS pou peyi pa yo a fini. Si yon lòd kip ase nan tribinal lan ta pèmèt yo kanpe TPS pou nenpòt peyi, USCIS pral bay yon FRN, si sa nesèsè, epi lap mete sitwèb li ajou pou di benefisyè yo dat lap fini an ak nenpòt peryòd tranzisyon ki pral genyen.

Re-Enskripsyon

Moun ki te deja benefisyè pou TPS ke yo nonmen pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò yo pa bezwen re-enskri pou yo ka toujou kenbe TPS nan moman an, depi yo te re-enskri kòm sadwat pou TPS pandan peryòd re-enskripsyon pou peyi pa yo ki ekri anba a. Si ou te byen

re-enskri pandan peryòd re-enskripsyon sa yo pou peyi w la, ou pa pral bezwen soumèt nouvo biyometrik, amwenske USCIS te voye yon lèt ba ou byen presi ki enfòm ke ou bezwen ale nan yon randevou pou yo pran biyometrik ou.

Peyi	Dat Re-Enskripsyon yo
Soudan	11 oktòb 2017 - 11 desanm 2017 25 janvye 2016 - 25 mas 2016
Nikaragwa	15 desanm 2017 - 13 fevriye 2018 16 me 2016 - 15 jiyè 2016
Ayiti	18 janvye 2018 - 19 mas 2018 24 me 2017 - 24 jiyè 2017 25 out 2015 - 26 oktòb 2015
Èl Salvadò	18 janvye 2018 - 19 mas 2018 8 jiyè 2016- 6 septanm 2016

Benefisyè yo ki pat re-enskri pandan dènye peryòd la ka toujou ranpli Fòm I-821, Aplikasyon pou Eitati Pwoteksyon Tanporè, men yo dwe bay yon "bon rezon" kifè yo pa te re-enskri a tan, jan lalwa mande an. Gade nan INA, seksyon 244(c)(3)(C). Sa inkli benefisyè ki gen TPS pou Ayiti ki pa te re-enskri aprè me 2017 pou si (6) mwa ekstansyon ke yo te nonmen pou Ayiti.

Moun k ap re-enskri an reta yo dwe bay yon lèt ki ekri tout rezon ke yo pa te ranpli aplikasyon re-enskripsyon yo alè selon dènye pwosedi re-enskripsyon yo te anonse nan FRN nan pou peyi yo an ki gen TPS.

Si ou re-enskri apre peryòd re-enskripsyon an paske DHS te anonse y'ap koupe TPS pou peyi w lan, ou dwe eksplike kijan anons sa a te afekte ou, tankou kijan desizyon pou koupe li a te fè ou pa re-enskri. USCIS ka konsidere eksplikasyon sa a pou satisfè obligasyon pou gen yon "bon rezon" ki fè ou pa te re-enskri alè. Sepandan, si anons pou anile fen TPS la pa te yon rezon ou te ranpli aplikasyon pou re-enskripsyon an anreta, piga ou mete li kòm yon rezon. Aplikan yo dwe di laverite lè y'ap bay eksplikasyon yo.

Biyometrik

Benefisyè TPS ki pa te ranpli aplikasyon pou re-enskripsyon yo selon dènnye pwosedi re-enskripsyon yo te anonse pou peyi yo dwe fè biyometrik lè yo ranpli aplikasyon re-enskripsyon an reta si yo gen 14 zan oubyen plis. USCIS ap voye yon lèt randevou bay moun nan pou li al fè biyometrik li, si sa posib. Epi tou, USCIS ka voye yon lèt lèt randevou pou biyometrik bay yon benefisyè TPS ki te re-enskri kòrèkteman, men ki te ranpli yon [Fòm I-765](#), Aplikasyon pou Otorizasyon Travay pou yon EAD (dokiman otorizasyon travay).

Dokiman Otorizasyon Travay

Nan [FRN \(PDF\)](#) yo te pibliye nan dat 1^{ye} mas 2019 la, DHS te anonse yon ekstansyon otomatik pou EAD pou benefisyè TPS pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò ke yo nonmen jiska 2 janvyè 2020, ak kòd kategori "A-12" oubyen "C-19" ak youn nan dat ekspirasyon yo ke yo montre anba la a:

07/22/2017

11/02/2017

01/05/2018

01/22/2018

03/09/2018

11/02/2018

01/05/2019

04/02/2019

07/22/2019

09/09/2019

Benefisyè TPS ki jwenn ekstansyon otomatikman pou EAD yo pa bezwen aplike pou yon nouvo EAD, men yo ka fè sa si yo vle. Anplis, benefisyè TPS nan tout kat (4) peyi ki gen EAD ak aplikasyon pou re-enskripsyon annatant yo ap resevwa yon EAD k'ap ekspire 2 janvyè 2020, si USCIS apwouve re-enskripsyon ak aplikasyon EAD an pou yo.

Si DHS pibliye yon avi dapre Rejis Federal lan anvan 2 janvyè 2020, FRN sa a ap swa pwolonje dokiman TPS yo pou yon lòt nèt (9) mwa apati 2 janvyè 2020, oswa ki bay pwosedi ki apwopriye pou jwen dokiman TPS ki renouvle pou tout peyi benefisyè ki afekte yo pou TPS ke yo nonmen pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò.

Nenpòt benefisyè ki kalifye pou TPS ke yo nonmen pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, oubyen Èl Salvadò yo ki pa gen yon EAD ki pwolonje otomatikman nan [FRN](#) nan, oubyen ki vle aplike pou yon EAD malgre yo gen yon ansyen EAD ki pwolonje otomatikman dapre FRN nan, yo ka ranpli [Fòm I-765](#) ak frè ki koresponn nan (oubyen mande yon eksepsyon pou frè an). Si USCIS apwouve aplikasyon an, nou pral bay yon EAD kap ekspire 2 janvyè 2020.

Benefisyè TPS yo ka kalifye pou yon eksepsyon pou frè an dapre 8 CFR 103.7 (c). Si ou kwè ou kalifye pou yon eksepsyon pou frè, ranpli [Fòm I-912, Demann pou Eksepsyon pou Frè](#), oubyen ekri yon lèt, epi voye li ak tout prèv ki nesèsè pou montre ou pa gen mwayen pou peye frè a ak [Fòm I-765](#) ou a.

Ou ka [\[4 tcheke konbyen tan pwosesis lan ap pran pou tout fòm USCIS yo sou sitwèb USCIS lan.](#)

Fason pou pwouve ou kalifye pou Travay

Lè w ap ranpli [Fòm I-9, Employment Eligibility Verification \(Verifikasyon Kalifikasyon pou Travay\)](#), kòm prèv ou kalifye pou travay ak idantite ou, benefisyè TPS yo ka bay patwon yo EAD yo ki poko ekspire, kat EAD yo ak avi ki pwolonje EAD sa yo otomatikman, oubyen EAD ki gen vizaj yo ki ekspire yo ki te presize nan [FRN](#) nan dat 1ye mas 2019 lan, ki te pwolonje otomatikman. Anplwaye ki gen yon EAD ki gen vizaj yo ki ekspire ki te pwolonje otomatikman ka itilize yon kopi FRN nan tou pou montre nouvo dat ekspirasyon EAD an. Jan nou note li nan FRN nan ak nan [pajwèb Central USCIS I-9 lan](#), yon moun ka ranpli règleman pou Fòm I-9 pou

verifye kalifikasyon travay ak nenpòt lòt kalite dokiman, oubyen ansanm ak tout lòt dokiman, ki dekri nan Fòm I-9 lan.

Fòm I-9 obligatwa pou tout travay nan peyi Etazini, men se jis lè yon patwon bay moun nan travay la l'ap bezwen montre li. Anplwaye yo ka prezante nenpòt dokiman ki nan [Lis Dokiman Akseptab](#) lan Fòm I-9 lan bay patwon yo pou yo montre idantite yo ak kalifikasyon pou travay. Pou rezon Fòm I-9 lan, yon EAD ki poko ekspire oubyen yon EAD ki gen yon peryòd valab ki ka pwolonje otomatikman selon [FRN](#) la oubyen sel avi sa ap akseptab pou pwouve idantite moun nan ak kalifikasyon li pou travay.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ranpli Fòm I-9 la, patwon yo ka ale sou [I-9 Central](#) oswa rele biwo kontak I-9 la:

- Pou Patwon yo: 888-464-4218
- Pou Anplwaye yo: 888-897-7781
- TTY: 877-875-6028

Diskriminasyon nan Verifikasyon Travay

Anplwaye yo kapab pote plent pou patwon yo ki refize dokiman ki akseptab pou objektif I-9 lan oubyen youn ki refize aksepte yon EAD ki pwolonje otomatikman, epi rapòte nenpòt kesyon ki gen pou wè ak diskriminasyon, bay Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye nan Ministè de Jistis nan seksyon Dwa Sivil lan:

- Pou Anplwaye yo: 800-255-7688
- Pou Patwon yo: 800-255-8155
- TTY: 202-616-5525 oswa 800-237-2515

Montre Ajans Leta Prev ke ou gen papye

Benefisyè TPS ki bezwen bay prev ke yo gen kenbe kondisyon legal yo pou yo jwenn yon lisans pou kondwi oswa lòt avantaj yon ajans eta oubyen lokal ki itilize [Pwogram SAVE](#) USCIS lan dwe gen nimewo etranje oubyen nimewo I-94 yo. Benefisyè yo ka jwenn nimewo sa yo sou plizyè dokiman imigrasyon ke yo te jwenn konsènan TPS yo.

DHS bay dokiman sa yo ki reponn ak règleman sa a:

- Fòm I-797, Avi Aksyon, avi apwobasyon pou I-821, Aplikasyon pou Estati Pwoteksyon Tanporè, gen yon nimewo etranje;
- Fòm I-766, Dokiman Otorizasyon pou Travay (EAD). EAD yo bay benefisyè TPS yo ap endike yon kategori A12 oswa C19 epi yo gen yon nimewo etranje;
- Fòm I-512, Otorizasyon pou Libète ak Kondisyon yon Etranje Ozetazini, gen yon nimewo etranje. Se fòm sa a yo bay benefisyè TPS ki mande otorizasyon pou vwayaje epi ki pèmèt yo vwayaje deyò Etazini epi retounen si Dwàn ak Pwoteksyon Fontyè otorize li nan pòt antre a; ak
- Fòm I-94 Dosye Arive Depa, gen yon nimewo I-94.

Benefisyè yo ka genyen tou yon lòd final Biwo Egzekitif Revizyon Imigrasyon ki akòde TPS ki ka gen swa yon nimewo etranje oswa yon nimewo I-94.

Pou plis enfòmasyon, gade nan paj wèb nou an sou [SAVE pou Avantaj Aplikan](#).

Si DHS te bay yon FRN ki anonse pwolongasyon otomatik pou sèten dokiman ki gen rapò ak TPS, SAVE konseye benefisyè TPS yo pou yo montre ajans eta oubyen ajans lokal yo yon kopi FRN nan pou pwouve pwolongasyon sa a ak dènye dokiman imigrasyon te bay la. Si ou gen yon sèl avi ki pwolonje otomatikman EAD ki gen rapò ak TPS ou a, ou ka montre avi sa a ak EAD ou an tou.

Menmsi SAVE ka verifye yon moun ki gen TPS, chak pwosedi ajans gouvènè si y ap aksepte dokiman ki gen pou wè ak pwolongasyon otomatik TPS la. Ou dwe bay ajans la yon kopi FRN ki apwopriye pou montre pwolongasyon dokiman ki gen pou wè ak TPS yo an plis dènye dokiman ki gen pou wè ak TPS la ak nimewo etranje ou oswa nimewo I-94 ou. Ou ta dwe eksplike ke SAVE kapab verifye kontinyasyon TPS ou a. Ou dwe mande ajans lan pou li antame yon demann SAVE avèk enfòmasyon ou epi swiv etap verifikasyon an plis yo, si sa posib, pou jwenn yon repons final ki montre repons TPS lan nan SAVE. Ou ka mande ajans lan tou pou l tcheke avi SAVE yo oubyen kontakte SAVE si yo gen nenpòt kesyon sou estati imigrasyon ou oubyen pwolongasyon otomatik dokiman ki gen rapò ak TPS yo.

[Dènye Nouvèl sou Plent Ramos Kont Nielsen an \(PDF, 422 KB\)](#)